

Féssal sa diangoroye VIH: Nane lagnou koye déffé ?

Bou wakhtou féssal sa diangoro VIH dioté, khamale lo khamnéla béno yone laye ame. Meune ngako féssal nites gnou beurri, sa famille, sa kharite yi, kingaye séyale, khibar bobou dina féncale ayes dokhalines ak ayes diaffé diaffés.

Si sa famille, sa kharite yi wala si gni la djégué

Lakhe khibar bou ame sola bou néle ni bi, dina disse torape si kimou dal si kawame. Si lou beurri, dina diaffé lakhe garabes yin gaye dieule, wala déme keur doctor yi wala bou sa yaramé néhoule. Wolouté ak diéguéwaye bingaye ame ak gnila diégué amna sola boko waré féssal. Amna sola guisse nites yoyou come gnou la diégué, gnou laye diapalé, gnou nangou décision boye dieule andichi ak soutoura. Amna sola nites gnognous meuna yéke ki ngaye yéke bolé ch inga wolouléne bou bakhe.

Si sa bire thiossane ak sa famille, meuna ame ayes diaffé diaffés pour meuna wakhe si diangoro VIH té dou ame manlanoum soutoura ndakhe niak khame khames si fébar bi, wala ragale wala ayes khaletes you nites yi ames. **Lo lou mo takhe, war nga khayma bou bakhe ndakhe decision wou féssal sa diangoro warna té dola indile béne situation bou métí wala bouye indi ngékho bou métí.**

Néataliko sayes domes, dina india yes dikhi diakhas si séne khéle pour ndéche khibar si soutoura bagna wakhe dara gni gnouye nékale. Meuna nou khibar bignou léne di diokhe, tolole ko wala mingueléko ak séni ayes ates. Direko ak khibar you ndawe té lére si gnome, lou gnou guena mague ngaye yoke khibar. Amna sola torape dina tolole khibar yi ak séni ayes ayes, séne ndégue ndégue.

Amna sola bou bakhe lérable gni nga nékale, que amé diangoroye VIH, amoul si gnome béne risk pour nga waleu léne ko yénéni nite yi. Dichi yo, nites gnou beurri you nék ak gnuune, dina dalale séne khéle bougnou khamé né ya ngui diote thiaytou wérgu yaramé bou mouche si ayib, té gnounite tamite gni ngui tope dingueulou doctor té khamnanou tamite ayes mbotayes you nouye diapale bounou ko sokhla.



Ki ngaye séyale

Féssal sa diangoroye VIH a ki nga néke di séye, dina indi ndiakharé si yaye wala si ki nga nékale, yoke chi boudé séne khame khame si diangoro dji dafa néw.

Guiss nanou né nite gnou beurri gnou amé diangoroye VIH, danou léne béti wala diléne daw ndakhe lolou. Lo lou motakhe balanga féssal khibar bi, amna sola torape khame yaw lo chiye khare ak bane relation nga beuga ame ak nite ki ngaye bokale khibar bi.

Amna sola torape khanné, nite ki ngaye séyale, si lou beurri gnouye foke si séne séye wala si diangoroye VIH meuna nou mbagna wolou ki gnou nékal wala nék khibar yo khamné dou deugueu si ndakhe kawasse meuneula moussale si diangoro dji, wala ayes ratakhale, wala nite ki bougnou meunouleu guiss déréttame domou diangor dji douko meuna waleu kéne (di féssal si loulo que boudé domou diangor dji dou fégne si sa déréte ndakhe ya ngui dieule garabou VIH, do meuneu waleu kéne domou diangoro dji si yonou séye) Li gnouye wakhe fi, gni séne khame khame machi si mbinroume ciencia gno ko féssal.

Nites gnou beurris dounou féssal séne diangoro, boudé risk gnou waleu kénéne diangoro VIH daffa néwe wala domou diangoro dji dou fégne si séne déréte. Amna gnénéne gnou yakhar né, féssale khibar bi, dina takhe nite ki meuna dieule ayes decisionames si lo dieume si yonou séye bou bakhe.

Lou nite meuna ndégue la, si ndieulbéné nga wakhe nite sa diangoro VIH, mou ragare wala mou amé diankharé, ngaye khalate tamite ndakhe nite ki dina tiyé sa khibar ak soutoura. Lo lou mo takhe, tane wakhtou bi ngaye féssal khibar bi ak ki ngaye séyale, dafa ame sola. Name féssal khibar sa ndieulbénou séye bi dina diaffé, lakhe khibar, dina india yes diaffé diaffés you eupeu si kaname. Nite gnou beurri, si ndieulbéné bi, bounouye wakhtane, nga guéné khibar si diangoro VIH pour khole lou mouye wakhe ak noumouye déffe. Boudé daffa ndoaye ware, meun nga khare bachi kaname, dieule sa temps.

Féssal sa diangoroye VIH: Nane lagnou koye déffé ?

Budé ndanga diote bou béss khitarou diangoroye VIH té mou tombé nga néke si yonou séye, di ngaye ame khéle niarre ndakhe ma wakheko wala déte. Khibar bou béss bobou, dina indy ayes djikhi djakha si same khéle, meuna tamite yeungeule sa séye. Lou khéle meuna nangou la, k inga nékale beuga thiaytou wérgu yaramame pour khame ndakhe amoul domou diangoro dji wala mouye khale séne néke ndakhe warna coninuer si nimou dane amé si séye. Amna nites gnou beurri féssal séne diangoro VIH, dina diss si gnome 'te meune na amite tamite ayes diaffé diaffés you beurri you chiye meuna dioudou, lo mélni gnak séne keur, wala gnou léne di boundekhatal si séne yarame wala si ayes kadous.

Féssal sa diangoro VIH ak khodane séyéle si nguinawe dina teunkou si lou beurri, bane khétou nékines nguéné amone si nguinawe, si nane nguéné dadjé wone pour séye wala boudé ndakhe khame ko dina ko intéressé. Name dina meti tasse khibar bi ak mome, amna sola khamale ko khibar ndakhe moi meuna dieule ayes matouwayes you dieume si mbinroume wérgouyaramou séyame.

Si bire Bountou tass khibar yi

Nite gnou beurri gnou amé diangoro VIH, guisse nanou si bountou tass khibar yo tou, yone bounou meuna diare féssale yéne diangor ague si nites you beurri. Sagne sagnes bou réye la, gnou beurri dina chiye diarre lérale ninou amé domou diangoro dji té dina gnouye wakh né, tasse khibar bi si gnone bobou, daléne di maye dolé si gnánane gni. Yok chi, pour gnome magnérout khékhe la ak gniyé béti wala bérre gni amé diangoro dji.

Bo tamo younou tasse khabir bi, meune nga wadiale bou bakhe li ngaye nétali, nokaye nétalé ak niane nga beugueu mou ague si niome khibar bi. Bayi khéle lék ke khibar bou guéné si yone bobou, khamné amatochi béne control si khibar bi ak si li meuna ame. Tontous yi akes diaffé diaffés yi meuna beurri té outés. Byi khéle léke né bou khibar bi guéné, si lou beurri ndinga guisse tontous you beurris you laye béti, gnou laye togué léke pour wakhtane, wala gno khamnné danouye yoré léke séne lamagne bou niawes.



gtt grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO



¿TIENES DUDAS
SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41

Descargo de responsabilidad

La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios. La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.

Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a GTT-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL Y INTERESANTE
EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.

SUBVENCIONA



POR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL



DIRECCIÓN GENERAL
DE INVESTIGACIONES
DIVISIÓN DE CONTROLES
DE VIH, ITS, HEPATITIS VIRALES
Y TUBERCULOSIS

Generalitat
de Catalunya

Salut/
Agència de Salut
Pública de Catalunya

Diptutació
Barcelona

Àrea d'Igualtat
i Sostenibilitat Social

Ajuntament de Barcelona

COLABORA



Vall
d'Hebron | eSPiC
Equipo de salud
pública i comunitària